

# Kisa ki Virginia SUN Bucks lan?

Virginia SUN Bucks ap ede fanmi elijib yo avèk depans makèt pa yo pandan vakans ete a lè majorite nan lekòl yo fèmen. Avantaj SUN Bucks kapab itilize pou fè makèt tankou fui fre, legim, sereyal konplè, pwodui letye ak vyann nan boutik episri yo, mache agrikòl yo ak lòt espas ki aksepte avantaj SNAP EBT yo.



Chak timoun ki nan laj pou ale lekòl ap ranpli kondisyon pwogram yo pral jwenn yon

**pèman inik**  
**\$120**

## Avantaj yo

Yo pral ajoute avantaj yo sou kat EBT benefisyè SNAP ki egziste yo pandan lòt yo pral resevwa yon nouvo kat Virginia SUN Bucks nan lapòs.



## Bòn Nouvèl!

Bòn nouvèl la se plizyè fanmi ki kalifye otomatikman pou Virginia SUN Bucks epi ki p ap bezwen pase okenn etap pou resevwa nouvo avantaj sa!

**Kiyès ki elijib otomatikman pou benefisye Virginia SUN Bucks epi kiyès ki pa bezwen aplike?**

**Pitit ou an ap enskri otomatikman nan Virginia SUN Bucks si yo:**

- ✓ Resevwa **avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Adisyonèl (Nutrition Assistance Program (SNAP))** oubyen **Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families (TANF))** oubyen patisipe nan Medicaid sou baz revni ou.
- ✓ Te aplike ak resevwa divès repa eskolè gratis oubyen a pri redui nan lekòl pandan **ane lekòl pandan ane lekòl 2025–2026 la** nan kad Pwogram Repa Lekòl Nasyonal (National School Lunch Program).

**Kòman m ap fè konnen si fanmi mwen dwe aplike pou Virginia SUN Bucks?**

**Ou dwe aplike pou Virginia SUN Bucks si pitit ou an pa t mande** ak resevwa repa eskolè gratis oubyen a pri redui oubyen fanmi ou pa patisipe nan SNAP, TANF oubyen Medicaid baze sou revni ou. **Kèk lekòl bay manje gratis ak timoun yo san w pa bezwen fè yon demann.** Si pitit ou an ap patisipe nan youn nan lekòl sa yo epi yo p ap patisipe nan SNAP, TANF oubyen Medicaid baze sou revni ou, ou ta dwe aplike!



## Dat Enpòtan yo

**Ouvè pandan tout ane a**

Aplikasyon anliy epi pa kourye lapòs nan [VirginiaSunBucks.com](https://virginiasunbucks.com)

**15 jen – 31 dawout**

Sant Apèl Virginia SUN Bucks ap disponib pou aplikasyon nan telefòn yo

**31 dawout**

Dènye jou pou aplike anliy, pa kourye lapòs oubyen lè ou rele nan sant apèl la